

Gid pou Moun ki Itilize Dwòg yo Pandan COVID-19

COVID-19 kontinye pwopaje nan kominote nou yo, epi gen risk nenpòt lè ou rasanble ak lòt moun deyò lakay ou, sitou si ou pa fin vaksinen nèt. Nou tout dwe kontinye pran mezi pou anpeche transmisyon COVID-19.

Prevansyon kont COVID-19

- **Pran vaksen.** Pi bon fason pou pwoteje tèt ou ak moun ki antoure ou yo kont COVID-19 se pran vaksen. Pou konnen ki kote ou ka pran vaksen, ale sou vaccinefinder.nyc.gov oswa rele 877-829-4692.
- **Rete lakay ou si ou malad oswa ou te an kontak resaman ak COVID-19.** Siveye tèt ou pou sentòm ki gen pou wè ak COVID-19. Si sentòm ou yo leje oswa yo pa twò grav, rete lakay ou. Pa kite lakay ou, sòf pou jwenn swen medikal esansyèl (sa gen ladan tès pou COVID-19) oswa pou bezwen debaz yo, tankou pwovizyon, si yon moun pa kapab jwenn yo pou ou.
- **Mete yon mask pou figi.** Mask yo obligatwa pou tout moun (ke yo vaksinen ke yo pa vaksinen) nan transpò piblik, anviwònman medikal, refij pou sanzabri ak lòt anviwònman. Si ou poko vaksinen, ou dwe mete mask nan tout kote piblik, andedan ak deyò. Si ou vaksinen, n ankouraje ou mete mask pwoteksyon tout kote andedan ki piblik ak tout kote ou pa konnen si moun ki antoure ou yo vaksinen.
- **Pratike ijyèn men pwòp.** Lave men ou souvan avèk savon ak dlo pandan omwen 20 segonn. Itilize yon dezenfektan pou men abaz alkòl si pa gen savon ak dlo disponib.
 - Pou moun ki itilize dwòg yo, atik sa yo ka pa fasil pou jwenn. Tcheke nan founisè sèvis sereng yo (syringe service providers, SSP), nan klinik medikal yo ak nan sant san randevou yo pou jwenn materyèl yo.
 - Kouvri bouch ou ak nen ou avèk yon mouchwa oswa manch rad ou lè ou ap estène oswa touse. Pa itilize men ou.
 - Pa manyen je ou, nen ou, oswa bouch ou avèk men w san lave.
 - Pa bay lòt moun lanmen. Olye de sa, voye men.
- **Kenbe distans fizik ant oumenm ak lòt moun.** Rete nan yon distans omwen 6 pye ant oumenm ak lòt moun nenpòt lè ou deyò lakay ou.

Ti konsèy Pou Pran Dwòg pi an Sekirite

- Prepare dwòg ou pou kont ou.
- Evite pran dwòg lè ou pou kont ou. Si ou poko fin vaksinen nèt, kenbe distans fizik avèk moun ki avèk ou yo.
- Toujou gen naloksòn (naloxone) avèk ou. Naloksòn se yon medikaman sekirite ki ka envèse efè yon sidozaj opyoyid.
- Kreye yon plan sekirite pou òvèdòz avèk yon moun ki konnen ou pral pran dwòg.
- Si ou pral pran dwòg poukont ou, rele liy asistans "Never Use Alone" (Pa Janm Pran Dwòg Poukont Ou) nan 800-484-3731 avan ou pran.

- Kontakte yon pwogram sèvis sereng (SSP) pou konnen si sèvis yo a chanje, sa gen ladan orè yo.
- Ou dwe konnen gen fentanil nan pwovizyon dwòg la e li ogmante risk ovèdòz la. Li prezan nan prèske tout ewoyin. Yo jwenn fentanil tou nan kokayin, nan krak, nan metanfetamin, nan ketamin ak nan pilil ki sòti nan sous ki pa medikal.

Si w enjekte:

- Evite pataje.
 - Si w bezwen pataje oswa reyitilize sereng yo (ak lòt ekipman yo), byen rense yo ak dlo pwòp apre chak fwa moun itilize yo.
 - Si w ap itilize klowòks, kite l nan silend lan pandan omwen 30 segonn. Pou byen rense silend nan fè dlo pwòp pase ladan plizyè fwa lè w fin lave l ak klowòks.
- Si l posib, prepare ak administre pwòp enjeksyon w.
- Pa niche zegwi a.

Si w itilize pip, bong, chalimo oswa sigarèt elektwonik yo:

- Evite pataje. Siye pati po bouch ou, nen w, oswa men w touche yo ak yon sèvyèt ki gen alkòl chak fwa avan w itilize yo.

Medikaman pou Pwoblèm Itilizasyon Opyoyid

Si w ap pran medikaman pou pwoblèm itilizasyon opyoyid, tankou metadòn oswa biprenòfin:

- Kontakte pwofesyonèl swen k ap ba w tretman opyoyid la pou w diskite sou opsyon pou randevou medsin a distans yo.
- Pale ak pwofesyonèl swen k ap ba w tretman opyoyid la sou opsyon pou pran medikaman lakay ou.

Resous yo

- SSP yo se pwogram ki bay sèvis ak ekipman esterilize pou dwòg pou moun ki itilize dwòg yo. Rele SSP lokal ou yo pou konnen ki sèvis y ap ofri pandan pandemi COVID-19 la. Ale sou nyc.gov/health epi chache "**syringe service programs**" (pwogram sèvis sereng yo).
- Pou jwenn nalòksòn toupre w, ale sou nyc.gov/nycwell oswa rele 888-692-9355. Kontakte pwogram kominotè yo ak famasi yo pou mande si yo gen nalòksòn disponib avan w ale nan lokalite yo, paske lè ak disponiblite yo ka chanje.
- NYC Well: Anplwaye NYC Well yo disponib 24/24, 7/7 epi yo kapab bay konsèy rapid gratis ak referans pou swen nan plis pase 200 lang. Pou sipò, rele 888-692-9355 oswa diskite anliy sou nyc.gov/nycwell.
- Biwo Sèvis Pou Sèvis ak Sipò pou Adiksyon (Office of Addiction Services and Supports, OASAS) Eta New York bay edikasyon sou konsomasyon alkòl ak lòt sibstans pou moun ak fanmi yo. Ou kapab itilize zouti yo a pou jwenn tretman (ki disponib nan webapps.oasas.ny.gov/providerDirectory/) pou jwenn opsyon tretman nan zòn ou an.

- Pou plis resous ki abòde pwoblèm tankou èd finansye, manje, swen sante oswa kouvèti asirans, ak plis ankò, konsilte on.nyc.gov/resource-guide.
- Pou jwenn enfòmasyon jeneral sou COVID-19, ale sou nyc.gov/health/coronavirus.

Depatman Sante NYC a gendwa chanje rekòmandasyon yo pandan sitiyasyon an ap evolye. 10.24.21